

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis, bisa dicindekeun yén kecap pagawéan nu kapanggih dina novél *Prasasti nu Ngancik na Ati* téh jumlahna aya 1.516 kecap. Éta kecap téh dipasing-pasing dumasar wangun, wanda, jeung hartina. Ieu di handap didéskripsikeun sacara rinci hasil papasinganana.

*Kahiji*, wangun kecap pagawéan nu kapanggih ngawengku kecap pagawéan salancar jeung kecap pagawéan rékaan. Kecap pagawéan salancar jumlahna aya 310 kecap, sedengkeun kecap pagawéan rékaan aya 1.206 kecap. Kecap pagawéan rékaan diwincik jadi 3, nya éta kecap pagawéan wangun rundayan, kecap pagawéan wangun rajékan, jeung kecap pagawéan wangun kantétan. Kecap pagawéan wangun rundayan jumlahna aya 985 kecap, nu ngawengku 574 kecap pagawéan nu maké rarangkén hareup, tengah, tukang, jeung 411 kecap pagawéan rarangkén ganda. Kecap pagawéan rajékan jumlahna aya 188 kecap nu ngawengku 13 kecap pagawéan dwimurni, 36 kecap pagawéan dwiréka, 26 kecap pagawéan dwipurwa, jeung 123 kecap pagawéan rajékan dirarangkénan. Kecap pagawéan kantétan jumlahna aya 33 kecap. Dina ieu panalungtikan kapanggih 11 wangun kecap pagawéan nu teu kaasup kana tiori, nya éta wangun *pa- + -an*, *di- + pa- + -keun*, *di- + sang- + -an*, *N- + pi- + -an*, *N- + sang- + -an*, *pang- + N-*, *di-Rdp*, *di-R-an*, *N-Rdp-keun*, *ka-Rdp-keun*, jeung *Rdp-ar-an*.

*Kadua*, wanda kecap pagawéan nu kapanggih dina ieu panalungtikan disawang tina lumaju henteuna éta pagawéan, aya dua nya éta kecap pagawéan dinamis jeung kecap pagawéan statif. Kecap pagawéan dinamis jumlahna aya 1.448 kecap nu ngawengku 1305 kecap pagawéan kalakuan (aktivitas), 9 kecap pagawéan prosés, 109 kecap pagawéan miraga (sénsasi awak), 20 kecap pagawéan mutatif (pesritiwa transisional), jeung 5 kecap pagawéan salumar

(moméntan). Kecap pagawéan kalakuan (aktivitas) ngawengku 942 kecap pagawéan migawé (aktif), 329 kecap pagawéan dipigawé (pasif), 13 kecap pagawéan migawé manéh, jeung 21 kecap pagawéan silihbales (résiprokal). Ari kecap pagawéan statif jumlahna aya 68 kecap, nu ngawengku 46 kecap pagawéan miindra jeung 22 kecap pagawéan tatalian (rélasional).

*Katilu*, harti kecap pagawéan nu kapanggih dina ieu panalungtikan aya 59 kecap. Sacara gurat badag, harti kecap pagawéan bisa kapanggih dumasar wangunna, nya éta wangun salancar jeung wangun rékaan. Éta harti kecap pagawéan téh nya éta ‘kalakuan’, ‘prosés’, ‘kaayaan’, ‘nuju ka-D’, ‘bisa di-D-keun’, ‘teu kahaja di-D’, ‘ngalakukeun D’, ‘dina kaayaan D’, ‘pabales-bales/silih’, ‘sangkan di-D’, ‘sangkan dilakukeun’, ‘ngalakukeun jama di/ka D’, ‘ngalakukeun salaku’, ‘sangkan dijadikeun D’, ‘sangkan dibéré D’, ‘maké D’, ‘kakeunaan pagawéan D’, ‘kakeunaan pagawéan ku-D’, ‘ngalakukeun (ku, di, dina), ‘nyieun jadi/nganggap D’, ‘méré/nepikeun D’, ‘meunang D’, ‘kalakuan jama’, ‘jama kakeunaan pagawéan’, ‘dibéré’, ‘kakeunaan pagawéan kalawan inténsif’, ‘dijieun jadi ka-D’, ‘dijieun jadi D’, ‘ngalakukeun D (pikeun)’, ‘sababaraha kali ngalakukeun D’, ‘méré D (ka)’, ‘jadi D’, ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, ‘ngahasilkeun D’, ‘dijadikeun ka-D’, ‘ngarasa D ka’, ‘dianggap D’, ‘dijadikeun D’, ‘pagawéan keur batur (pasif)’, ‘pagawéan keur batur (aktif)’, ‘pagawéan keur batur sababaraha kali’, ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja’, ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja di-keun’, ‘terus-terusan ngalakukeun D’, ‘ngalakukeun D kalawan rinéh’, ‘sagala di-D’, ‘terus-terusan kakeunaan D’, ‘tutuluyan kakeunaan pagawéan teu dihaja’, ‘nyieun jadi kalawan inténsif’, ‘lila ngalakukeun’, ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, ‘paunggul-unggul’, ‘pura-pura nglakukeun D’, ‘lila ngalakukeun D teu tangtu’, ‘sababaraha kali ngalakukeun D’, ‘dina kaayaan N-’, ‘tambahan’, ‘ngeunaan (hal)’, ‘kalakuan teu tangtu’, jeung ‘dijadikeun D’.

*Kaopat*, kecap pagawéan nu aya dina ieu novél bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna ngeunaan wangun, wanda jeung hartina. Sabada ditalungtik dumasar kritéria bahan ajar, ieu novél téh bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun bahan pangajaran kabasaan, hususna kecap pagawéan.

Anih Ginda Listiani, 2015

**KECAP PAGAWÉAN DINA NOVEL PRASASTI NU NGANCIK NA ATI KARYA POPON SAADAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar data di luhur, ébréh yén kecap pagawéan nu aya dina novél *Prasasti nu Ngancik na Ati* téh euyeub pisan, tur bisa ditalungtik dumasar wangun, wanda, jeung hartina, tur bisa dijadikeun alternatif dina bahan pangajaran di SMP kelas IX.

## 5.2 Implikasi

Kecap pagawéan nu aya dina novél *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah bisa dilarapkeun di sakola nalika pangajaran novél kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks sempalan novél.
- 2) Siswa dibéré pancén maca éta téks.
- 3) Siswa nyirian kecap-kecap nu kaasup kana kecap pagawéan dina éta téks.
- 4) Siswa nganalisis kecap pagawéan nu kapanggih dumasar wangun, warna jeung hartina.
- 5) Siswa nyieun kalimah nu ngandung kecap pagawéan nu aya dina novél kalayan maké basa sorangan.

Dumasar kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi tina ieu panalungtikan bisa dititénan ieu di handap.

Sabada maca, nganalisis, jeung ngalarapkeun kecap pagawéan nu aya dina dina novél *Prasasti nu Ngancik na Ati* karya Popon Saadah, siswa leuwih:

- 1) maham kana kecap pagawéan, hususna ngeunaan wangun, wanda, jeung hartina;
- 2) parigel dina nyieun kalimah nu ngandung kecap pagawéan,
- 3) kritis jeung aktif dina matotoskeun pasualan.

## 5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu perlu ditepikeun.

*Kahiji*, tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tiori klasik. Ku kituna kudu aya panalungtikan séjén nu ngaguar leuwih jero deui dumasar kana tiori-tiori séjén anu tacan kapaluruh dina ieu panalungtikan.

*Kadua*, hasil tina ieu panalungtikan ngan saukur dijadikeun alternatif bahan pangajaran. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén nu ngaguar impleméntasi atawa penerapan ieu panalungtikan.